

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun adegan pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011. Dumasar kana analisis jeung déskripsi data, hasil panalungtikan adegan pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011 manggihan 406 kalimah paréntah, anu bisa dirangkum jadi lima bagian, nya éta (1) adegan kalimah paréntah, (2) wangun kalimah paréntah, (3) wujud pragmatis kalimah paréntah, (4) prinsip pragmatis kalimah paréntah, jeung (5) tahapan pragmatis kalimah paréntah.

Kahiji, adegan kalimah paréntah mangrupa rupa-rupa kalimah paréntah disawang tina strukturna atawa wawangunan nu ngéntép seureuh. Adegan kalimah paréntah diwangun ku kecap, frasa, atawa klausa ditambah ku lentong paréntah atawa tanda panyeluk. Kapanggih aya tujuh pola atawa adegan kalimah paréntah, anu ngawengku (1) pola kahiji jumlahna aya 26 (6,41%) kalimah paréntah, (2) pola kadua jumlahna aya 14 (3,45%) kalimah paréntah, (3) pola katilu jumlahna aya 186 (45,81%) kalimah paréntah, (4) pola kaopat jumlahna aya 37 (9,11%) kalimah paréntah, (5) pola kalima jumlahna aya 55 (13,55%) kalimah paréntah, (6) pola kagenep jumlahna aya 78 (19,21%) kalimah paréntah, jeung (7) pola katujuh jumlahna aya 10 (2,46%) kalimah paréntah.

Kadua, wangun kalimah paréntah mangrupa rupa-rupa kalimah paréntah disawang tina jumlah klausa. Kapanggih aya tilu wangun kalimah paréntah, nya éta (1) kalimah paréntah salancar anu ngawengku kalimah paréntah salancar basajan jumlahna aya 38 (9,36%) jeung kalimah paréntah salancar jembar jumlahna aya 113 (27,83%), (2) kalimah paréntah ngantét anu ngawengku kalimah paréntah ngantét satata jumlahna aya 37 (9,11%) jeung kalimah paréntah ngantét sélér-sumélér jumlahna aya 44 (10,84%), jeung (3) kalimah paréntah teu lengkep jumlahna aya 174 (42,86%).

Katilu, wujud pragmatis kalimah paréntah mangrupa ma'na kontékstual anu aya atawa dikandung ku kalimah paréntah. Hasil panalungtikan manggihan 16 wujud ma'na pragmatis kalimah paréntah, nya éta (1) panitah jumlahna aya 96 (23,64%), (2) pangjurung jumlahna aya 19 (4,68%), (3) pameredih jumlahna aya 15 (3,69%), (4) pamaksa jumlahna aya 11 (2,71%), (5) pangharepan jumlahna aya 11 (2,71%), (6) panyaram jumlahna aya 46 (11,33%), (7) pangajak jumlahna aya 108 (26,60%), (8) ngahelas jumlahna aya 7 (1,72%), (9) ngamanggakeun jumlahna aya 8 (1,97%), (10) naséhat jumlahna aya 18 (4,43%), (11) hinaan jumlahna aya 4 (0,99%), (12) uluk salam jumlahna aya 4 (0,99%), (13) panggero jumlahna aya 23 (5,66%), (14) pangwawadi jumlahna aya 16 (3,94%), (15) paneges jumlahna aya 4 (0,99%), (16) sora haté jumlahna aya 16 (3,94%).

Kaopat, prinsip pragmatis kalimah paréntah kapanggih aya dua prinsip nya éta prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan. Ka dua prinsip éta téh miboga maksim séwang-séwangan. Prinsip gawé bareng ngawengku (1) maksim kuantitas jumlahna aya 9 (2,22%), (2) maksim kualitas jumlahna aya 16 (3,94%), (3)

maksim rélevansi jumlahna aya 185 (45,57%), jeung (4) maksim cara jumlahna aya 18 (4,43%). Sedengkeun prinsip kasopanan ngawengku (1) maksim kawijaksanaan jumlahna aya 4 (0,99%), (2) maksim handap asor jumlahna aya 2 (0,49%), (3) maksim katumarima jumlahna aya 2 (0,49%), (4) maksim kacocogan jumlahna aya 161 (39,65%), (5) maksim balabah jumlahna aya 3 (0,74%), jeung (6) maksim kasimpatu jumlahna aya 6 (1,48%).

Kalima, tahapan pragmatis kalimah paréntah mangrupa rupa-rupa kalimah paréntah disawang tina undak usuk basa atawa tatakrama basa. Kapanggih aya opat tahapan pragmatis kalimah paréntah, nya éta (1) kalimah paréntah nu tahapan pragmatisna lemes (hormat) jumlahna aya 59 (14,53%), (2) kalimah paréntah nu tahapan pragmatisna sedeng (wajar) jumlahna aya 273 (67,24%), (3) kalimah paréntah nu tahapan pragmatisna campuran 69 (17,00%) jeung (4) kalimah paréntah nu tahapan pragmatisna kasar (cohag) jumlahna aya 5 (1,23%).

Kagenep, karakteristik pragmatis kalimah paréntah mangrupa tanda-tanda atawa ciri-ciri anu nuduhkeun kalimah paréntah dibédakeun jeung fungsi kalimah lianna. Kalimah paréntah miboga ciri husus nu mangrupa kecap panambah paréntah. Kalimah paréntah mibanda rupa-rupa ma'na pragmatis anu muncul balukar tepungna kecap paréntah jeung kecap, frasa, atawa klausa dina wangun kalimah paréntah.

Katujuh, salaku catetan lapangan réa kapanggih kasalahan tulisan. Éta kasalahan téh di antarana (1) kasalahan dina ngabédakeun aksara é, e, jeung eu dina tulisan, (2) dina tulisan masih kénéh aya kalimah tina basa Indonésia langsung, (3) aya kalimah anu teu gagunakeun tanda baca, (4) aksara awal

sanggeus tanda titik, aya kénéh nu teu ngagunakeun aksara gedé, jeung (5) aksara awal anu kuduna digunakeun aksara gedé malah digunakeun aksara leutik atawa sabalikna.

Dumasar kana data-data di luhur, adegan pragmatis kalimah paréntah anu ngawengku adegan kalimah paréntah, wangun kalimah paréntah, wujud pragmatis kalimah paréntah, prinsip pragmatis kalimah paréntah, jeung tahapan pragmatis kalimah paréntah kapanggih dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara rékoméndasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan téh ngajaring kalimah paréntah anu kapanggih dina sumber ragam basa tinulis. Hal éta disababkeun samporétna waktu pikeun panalungtikan jeung kaayaan siswa anu jadi subjék panalungtikanana asa teu ngamungkinkeun pikeun dilaksanakeunna panalungtikan anu sumber ragam basana lisan. Ku kituna, panalungtik nyokot kaputusan yén ieu panalungtikan téh rék dijarang sumber ragam basa tinulisna baé. Tapi, tangtu aya hadéna lamun panalungtikan ngeunaan ieu hal téh dimekarkeun dina sumber ragam basa lisan.

Kadua, pangajaran ngagunakeun fungsi kalimah hususna kalimah paréntah, aya dina matéri kabasaan tingkat SMA/SMK/MA, tapi éta pangajaran téh ngan saukur diajarkeun saliwat baé, malah aya guru nu ngaliwat éta pangajaran atawa buku pangajaranna teu nyadiakeun pangajaran ngeunaan kalimah paréntah. Ku

kituna, perlu aya pamekaran panalungtikan anu ngulik bahan ajar kalimah paréntah, ambahan jeung legana bahan, padika ngajarkeun, jeung cara ngévaluasina.

Katilu, ieu panalungtikan kalimah paréntah téh sipatna déskriptif-kualitatif. Ku kituna, aya hadéna lamun dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa dina ngagunakeun jeung nganalisis kalimah paréntah.

